

SÈVIS REPREZANTAN KONTRIBYAB LA POU EDE

Sèvis Reprezantan Kontribyab la (TAS) se vwa pa w nan IRS. Travay nou se pou garanti chak kontribyab jwenn yon tretman ki jis, epi pou w konnen ak konprann dwa w yo. Yon avoka pèsonèl pou moun ki peye taks kapab ede ou san ou pa peye sinkòb.

KISA MWEN KAPAB ATANN DE REPREZANTAN KONTRIBYAB MWEN AN?

Sèvis Avoka pou moun ki peye taks kapab gide ou atravè pwosè pou rezoud pwoblèm taks ki souvan bay konfizyon eke ou pa kapab rezoud poukout ou. Si ou kalife pou nou ede ou, nap ba ou yon avoka kap reprezante ou devan IRS epitou kap avèk ou nan chak etap. Avoka ou ap tande w, ede ou konprann sak gen pou fêt epitou rete avèk ou jiskaske pwoblèm ou an rezoud.

BAGAY KI PI MAL OU KAPAB FÈ A SE ANYEN DITOU!



KILÈ POU W VIN KOTE NOU

Dabò, eseye rezoud pwoblèm lan poukout ou, men si w pa kapab fè sa, lè sa a, vin kote nou. TAS kapab ede w si :

- Pwoblem ou genyen ak IRS la ap lazòk difikilte finansyè pou oumenm, fanmi ou, oswa biznis ou.
- Ou fè fax (oswa biznis ou ap fè fas) ak yon menas imedyia pou aksyon defavorab.
- Ou eseye an plizyè fwa kontakte IRS, men pa gen pèsonn moun ki reponn, oswa yo pa reponn nan dat yo te pwomèt la.

N ap fè tout sa nou kapab pou rezoud pwoblèm ou epi rete avèk ou nan chak etap. Epi sèvis nou yo toujou gratis.

KOUMAN POU JWENN YON REPREZANTAN KONTRIBYAB

Ou ka jwenn adrès ak nimeko telefòn biwo sèvis reprezantan kontribyab lokal la sou sitwèb no an nan www.irs.gov/advocate epitou, ou ka:

- Rele nimewo telefòn gratis lan nan **1-877-777-4778**.
- Depoze fòm 911 IRS la, *demann pou asistans sèvis reprezantan kontribyab (ak aplikasyon pou yon lòd pou asistans kontribyab)* nan sèvis reprezantan kontribyab lan. Ou kapab mande yon anplewaye IRS tou (an pèsòn oswa pa telefòn) pou ranpli fòm la pou ou.

KI LÒT JAN SÈVIS REPREZANTAN KONTRIBYAB EDE?

- **Reprezentasyon Jeneral (SA):** SA travay pou repare gwo enpèfeksyon sistemik ki koze pwoblèm pou kontribyab yo epi anplewaye IRS yo tou. Ale nan www.irs.gov/advocate epi klike sou lyen "Rapòte Yon Pwoblèm Jeneral" la.
- **Klinik Pou Kontribyab Ki Fè Ti Salè Piti (LITC):** Gen kèk klinik ki bay Reprezantansyon Pwofesyonèl pou moun ki bezwen rezoud yon pwoblèm taks epi salè yo pi piti pase yon sèten nivo. Gen klinik ki bay enfòmasyon sou dwa ak responsabilite kontribyab ki pale angle kòm dezyèm lang. Ale nan paj LITC sou www.irs.gov/advocate oswa gade nan publikasyon 4134 IRS la, *LIS klinik pou kontribyab ki fè ti salè piti*.
- **Panèl Pou Reprezantasyon Kontribyab (TAP):** Èske w gen yon sijesyon sou kouman pou amelyore IRS epi w pa konn ki moun pou kontakte? TAP koute kontribyab idantifye pwoblèm kontribyab genyen epi bay sijesyon pou amelyore sèvis IRS ak satisfaksiyon kliyan. Fè tande vwa w! Ale Nan www.improveirs.org.

DWA KONTRIBYAB

Antanke kontribyab, ou gen dwa IRS dwe respekte nan negosyasyon li avèk ou. Bwat zouti taks nou an nan www.TaxpayerAdvocate.irs.gov se yon premye pa w ap fè pou w konprann dwa w yo.

Pou plis enfòmasyon konsènan TAS vizite nou nan YouTube, Facebook, ak Twitter nan www.youtube.com/TASNTA, www.facebook.com/YourVoiceAtIRS, ak www.twitter.com/YourVoiceAtIRS.



VWA PA W LA NAN IRS

